

KHUTBAH IDUL ADHA 1441 H

(EDISI BAHASA JAWA)

“QURBAN NGICALI SIFAT-SIFAT HEWANI”

Oleh:

KH. Moh Muhsin

(Ketua Yayasan Perguruan Tinggi Nahdlatul Ulama Batoro Katong Ponorogo)

dipersembahkan oleh:



KHUTBAH IDUL ADHA Nyembelih qurban, ngicali sifat hewani

الله أكبر الله أكبر الله أكبر × ٣

♦ اللهُ أَكْبَرُ كَبِيرًا وَالْحَمْدُ لِلَّهِ كَثِيرًا وَسُبْحَانَ اللَّهِ بُكْرَةً وَأَصِيلًا، لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَاللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ وَلِلَّهِ الْحَمْدُ.

♦ إِنَّ الْحَمْدَ لِلَّهِ . نَحْمَدُهُ وَنَسْتَعِينُهُ وَنَسْتَغْفِرُهُ . وَنَعُوذُ بِاللَّهِ مِنْ شُرُورِ أَنْفُسِنَا وَمِنْ سَيِّئَاتِ أَعْمَالِنَا . مَنْ يَهْدِ اللَّهُ فَلَا مُضِلَّ لَهُ وَمَنْ يُضِلَّهُ فَلَا هَادِيَ لَهُ . أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ . وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ . أَللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ وَمَنْ تَبِعَهُ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ .

♦ أَمَّا بَعْدُ ، فَيَا عِبَادَ اللَّهِ : أَوْصِيكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللَّهِ وَطَاعَتِهِ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ . قَالَ اللَّهُ تَعَالَى فِي الْقُرْآنِ الْكَرِيمِ: يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تُقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ .

Jamaah idul adha, rohimakumulloh

Sumonggo kito tansah nggatosaken babagan ketaqwaan kito wonten ngarsanipun Allah, taqwalloh. Sumangga kito soyo, tambah yuswo, monggo tansah tambah-matambah anggen kito depe-depe wonten ngarsanipun Allah. Nindakaken dhawuh-dhawuhipun lan nebihi sedaya kemaksiatan lan awisanipun.

Dawhipun Allah SWT :

♦ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تُقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ .

"He wong-wong kang podo iman, podo taqwao siro kabeh ono ngersane Alloh kelawan sakbener-benere taqwa; lan ojo pisan-pisan siro tinggal dunyo, kejobo siro podo Islam-islam kabeh".

Sumangga ing manah kito tansah nglenggana bilih kito menika titahipun Allah, hambanipun Allah SWT. kadhawuhan supados tansah ngibadah wonten ngarsanipun Allah.

♦ وَمَا خَلَقْتُ الْجِنَّ وَالْإِنْسَ إِلَّا لِيَعْبُدُونِ.

"Lan ingsun Allah ora nitahke Jin lan Menungsa kejaba supaya pada ngibadah marang ingsun Allah".

Ma'asyirol Muslimin Rohimakumulloh

Wonten ing tanggal 9 Dzulhijjah kala wingi, kito sami-sami nindakaken amalan sunnah, shiyam Arofah, ingkang saestu ageng sanget ganjaranipun kados katerangan hadist :

صحيح مسلم - (ج ٦ / ص ٥٦)

♦ عَنْ أَبِي قَتَادَةَ الْأَنْصَارِيِّ رَضِيَ اللَّهُ عَنْهُ ... قَالَ وَسُئِلَ عَنْ صَوْمِ يَوْمِ عَرَفَةَ

فَقَالَ يُكْفِرُ السَّنَةَ الْمَاضِيَةَ وَالْبَاقِيَةَ. (رواه مسلم)

"Hadits riwayat saking Abi Qotadah, Rosululloh SAW dipun suwuni pirso ngingingi poso wonteng ing dinten Arofah, dhaquwipun : iku bisa mbusek dosa kang wus kalakon ing setahun kepungkur lan ing setahun kang bakal tumeka". (Hadits Riwayat Imam Muslim).

Saklajengipun tanggal 10 Dzulhijjah injing menika kito sami kempal manunggal saperlu taqorrub dumateng Allah, kanthi ngathah2 aken takbir, tahlil, tahmid, tasbih lan nindakaken sholat id. Soho kalajengaken ibadah qurban inggih mragat menda utawi lembu, kanthi niat ngibadah dateng ngarsanipun Allah SWT.

Allohu Akbar. Allohu Akbar. Allohu Akbar.

Qurban ingkang kito tindakaken menika, nuladha dhateng Nabi Ibrahim AS, nalika dipun uji imanipun dening Allah SWT. Rikala semanten, Nabi Ibrahim kadhawuhan supados ngurbanaken utawi nyembelih putra kinashipun ingkang asma Ismail AS.

Nabi Ibrahim AS. saestu nindakaken ujian menika kanthi ikhlas lan tawakal, pitados bilih Allah SWT, mboten badhe dzalim dumateng kawulanipun ingkang taat. Kados dipun gambaraken wonten ing Kitab suci **al-Quran, surat, As-Shoffat : 102 :**

♦ قَالَ يَا بُنَيَّ إِنِّي أَرَى فِي الْمَنَامِ أَنِّي أَذْبَحُكَ فَانظُرْ مَاذَا تَرَى قَالَ يَا أَبَتِ افْعَلْ مَا تُؤْمَرُ سَتَجِدُنِي إِن شَاءَ اللَّهُ مِنَ الصَّابِرِينَ .

"Hai anakku (Isma'il), sakte mene Aku weruh ono ing sak jerone impen yen Aku (kadhawuhan) nyembelih sliramu. Mula kepiye mungguh penemumu?" Ismail njawab: "duh bapa, katindakna menapa ingkang dados dawhipun Allah dumateng panjenengan; Insya Allah panjenengan bade manggihi kula ing golonganipun tiyang2 ingkang sabar". (Q.S, As-Shoffat : 102).

Allohu Akbar-Allohu Akbar Walilahilhamd

Nalika Ismail sampun pasrah lan Nabi Ibrahim enggal bade nindakaken nyembelih kang putra. Subhanalloh!!! Saknalika, Malaikat Jibril rawuh kanti ngasto menda ingkang ageng, minangka gantosipun, lan paring dhawuh, bilih Nabi Ibrahim sampun lulus angenipun ninda'aken dhawuh saking Allah SWT.

Jama'ah Idul Adha, Rohimakumullah

Wonten ing zaman Rosululloh Muhammad SAW dhawuh ngelksanakaken qurban kaemot wonten ing al-Quran..

﴿ إِنَّا أَعْطَيْنَاكَ الْكَوْثَرَ ﴾ ﴿ فَصَلِّ لِرَبِّكَ وَانْحَرْ ﴾

"Sak temene wis ingsun paringke marang sirokabeh nikmat sing akeh, mulo podo tindakno sholat krana robb-mu lan tindakna qurban".

Cetho sanget, bilih dhawuh al-Qur'an ing nginggil, mrentahaken supados ngalmaphi ibadah qurban, sak lintunipun ibadah shalat.

Qurban ingkang kito tindakaken minangka bukti ketaaatan kito dateng ngarsanipun Gusti Allah SWT. Minangka tondho keimanan lan ketaqwaan kito.

Dhawuh **Al-Qur'an Surah Al Hajj ayat 37:**

♦ لَنْ يَنَالَ اللَّهَ لُحُومُهَا وَلَا دِمَاؤُهَا وَلَكِنْ يَنَالُهُ التَّقْوَىٰ مِنْكُمْ. (الحج : ٣٧)

"Ora arep teko ing ngarsane Allah, daging lan getihe qurban. Ananging kang teko ing ngarsane Allah, yaiku ketaqwaan nira kabeh." (Q.S. Al-Hajj : 37).

Ibadah qurban miturut jumhur ulama hukumipun sunnah muakkadah. Anamung para sederek ingkang mampu ampun ngantos owel nindakaken. Jalaran Rosulullah SAW sampun wasiat wonten ing setunggaling hadits riwayat Abu Hurairah :

♦ عَنْ أَبِي هُرَيْرَةَ أَنَّ رَسُولَ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ قَالَ مَنْ كَانَ لَهُ سَعَةٌ وَلَمْ يُضَحِّ فَلَا يَقْرَبَنَّ مُصَلَّانَا. (رواه ابن ماجه)

"Riwayat Abu Hurairah RA, yektosipun Rasulullah sampun dhawuh : Singsapa wonge nduweni kemampuan, ananging dheweke ora gelem nindakke qurban, mangka aja cedhak-cedhak papan sholatku"... (HR. Ibnu Majah)

Allahu Akbar-Allahu Akbar-Allohu Akbar

Kathah werni dan rupi ibadah ingkang kadhawuhaken dhateng kito, kados : Sholat, Poso, Zakat lan Shodakoh. Nanging ing tanggal 10, 11, 12 lan 13 Zul Hijjah meniko kito dipun perintahaken ngelampahi ibadah qurban ingkang arupi nyembelih hewan. Meniko sedoyo ngemu suraos, bilih kito kedah **nyembelih** lan ngicali sifat-sifat hewani, ingkang wonten ing manah kito sami.

Hewan menika gesangipun mboten mawi tuntunan lan namung cekap gesang ing ngalam dunyo, boten natos mikir wontenipun pagesangan akhirat.

Sak wangsulipun pagesangan kito kedah mawi tuntunan lan tatanan, lan tujuan kito boten kandek gesang ing dunyo, nanging ngantos pagesangan akhirat.

Allah suka pemuat bilih salah setunggaling ciri tiyang ingkang mbenjang badhe dados penghuni neraka jahanam, injih menika tiang ingkang manah, mripati lan kupingipun kados dene gadhahani hewan. Mboten dipun ginakaken kangge nampi pepiling ayat-ayatipun Allah.

♦ وَلَقَدْ ذَرَأْنَا لِجَهَنَّمَ كَثِيرًا مِنَ الْجِنَّ وَالْإِنْسِ لَهُمْ قُلُوبٌ لَا يَفْقَهُونَ بِهَا وَلَهُمْ أَعْيُنٌ لَا يُبْصِرُونَ بِهَا وَلَهُمْ آذَانٌ لَا يَسْمَعُونَ بِهَا أُولَئِكَ كَالْأَنْعَامِ بَلْ هُمْ أَضَلُّ أُولَئِكَ هُمُ الْغَافِلُونَ. (الاعراف : ١٧٩)

"Lan saktemene bakal ingsun dadekake isining neraka jahanam, akkehe saka jin lan manungsa kang nduweni ati, ananging ora kanggo mahami, kang nduweni mripat ananging ora kanggo ndeleng, lan nduweni talingan ananging ora kanggo ngrungokake. Wong-wong iku mau kaya kewan ternak, kepara luwih asor maneh. Dhewekke klebu wong-wong sing pada lali"

Hewan meniko gesangipun boten mawi aturan, namung buru karepe hawa napsu lan kiyatipun tenogo.

Gesangipun hewan namung kangge dinten meniko. Menawi sampun cekap kabetahan pakan, komboran lan birahinipun, nggih sampun rumaos remen lan cekap gesangipun. Ananging manungsa, kedahipun mboten mekaten. Manungso mboten cekap namung nuruti betahipun kadunyan kemawon, nanging ugi kedah pados sangunipun pagesangan akhirat. Kados dhawhipun Allah :

♦ وَابْتَغِ فِيمَا آتَاكَ اللَّهُ الدَّارَ الْآخِرَةَ وَلَا تَنْسَ نَصِيبَكَ مِنَ الدُّنْيَا وَأَحْسِنْ كَمَا أَحْسَنَ اللَّهُ إِلَيْكَ وَلَا تَبْغِ الْفُسَادَ فِي الْأَرْضِ إِنَّ اللَّهَ لَا يُحِبُّ الْمُفْسِدِينَ. (القصص : ٧٧)

“Lan padha golekana apa-apa kang den angugrahke Allah marang sira (kabegjan) ing desane akherat lan aja nglalekake bageanmu saka perkoro ndonya. Lan gaweo becik siro koyo dene Allah wus gawe apik marang siro. Lan ojo gawe karusakan ono ing duwur bumi, sak temene Allah ora demen marang wongkang podo gawe karusakan”.

Pramila sumangga kito sampun ngantos gesang, kados dene hewan ingkang namung ngladeni karepe nafsu lan namung mbujung kabetahan ndonya, nglirwakaken kabetahan akhirat. Ngibadah wegah, sholat ora kuwat, pasa ora kuwoso, sehat kangge maksiat, duwe bandha kangge nguja hawa nafsu, kadonyan.

Saat meniko wancinipun kito berbagi lan saling tolong menolong. Mugi kito tansah kaparingan kekiyatan, hidayah, taufiq lan ma'unah. Saget ngathah-ngathahaken pengibadahan nilar sedaya kemaksiatan ing sahingga kito saget kagolongaken ewonipun kawulo ingkang kaparingan kawilujengan ing dunyo ngantos ing akhirat. **Amin ya robbbal 'alamin.**

◆ **بَارَكَ اللَّهُ لِي وَلَكُمْ وَلِسَائِرِ الْمُسْلِمِينَ بِآيَةِ الْقُرْآنِ الْكَرِيمِ، وَنَفَعَنَا وَإِيَّاكُمْ بِتِلَاوَتِهِ وَفَهْمِهِ وَبِحِفْظِ مَعَانِيهِ الْعَظِيمِ: أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ:**

◆ **وَالْعَصْرِ (١) إِنَّ الْإِنْسَانَ لَفِي خُسْرٍ (٢) إِلَّا الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ وَتَوَّصُوا بِالحَقِّ وَتَوَّصُوا بِالصَّبْرِ (٣).**

◆ **وَقُلْ رَبِّ اغْفِرْ وَارْحَمْ وَأَنْتَ أَرْحَمُ الرَّحِمِينَ .**



الخطبة الثانية للعيد.

الله اكبر × ٧

◆ الْحَمْدُ لِلَّهِ الْمُتَقَرِّدِ بِالِدَّوَامِ . الْبَاقِي بَعْدَ فَنَاءِ الْأَيَّامِ . الْمَوْجِدِ لِلْخَلْقِ بَعْدَ الْعَدَمِ . الْمُفْنِي لَهُمْ بَعْدَ أَنْ تَبَتَّتْ أَعْمَالُهُمْ فِي الصُّحُفِ كَمَا جَرَى بِهِ الْقَلَمُ . الْعَالِمِ بِمَا انْطَوَّتْ عَلَيْهِ أَسْرَارُهُمْ فِي الْحَالِ وَفِي الْقَدَمِ . وَأَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ شَهَادَةَ عَبْدٍ مُضْطَرِّ إِلَيْهَا عِنْدَ زَلَّةِ الْقَدَمِ . وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ أَرْسَلَهُ إِلَى أَكْرَمِ الْأُمَمِ . وَصَلَّى اللَّهُ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ وَسَلَّمَ .

◆ وَبَعْدُ . فَاتَّقُوا اللَّهَ وَافْعَلُوا الْخَيْرَ وَاجْتَنِبُوا الْفَوَاحِشَ فَقَدْ فَازَ الْمُتَّقُونَ . قَالَ تَعَالَى فَهُوَ أَصْدَقُ الْقَائِلِينَ : إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا . اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ ، وَأَصْحَابِهِ وَاتَّبَاعِهِ أَجْمَعِينَ ، وَالْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ .

◆ اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ وَالْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ ، الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ ، اللَّهُمَّ أَصْلِحْ ذَاتَ بَيْنِنَا ، وَأَلْفُ بَيْنَ قُلُوبِنَا ، وَاجْعَلْ فِي قُلُوبِنَا الْإِيمَانَ ، وَثَبِّتْ أَقْدَامَنَا عَلَى مِلَّةِ رَسُولِكَ ﷺ ، وَانصُرْنَا عَلَى عَدُوِّكَ وَعَدُونَا وَاجْعَلْنَا مِنْ عِبَادِكَ الصَّالِحِينَ ، بِرَحْمَتِكَ يَا أَرْحَمَ الرَّحِمِينَ .

◆ رَبَّنَا اغْفِرْ لَنَا وَلِإِخْوَانِنَا الَّذِينَ سَبَقُونَا بِالْإِيمَانِ وَلَا تَجْعَلْ فِي قُلُوبِنَا غِلًّا لِلَّذِينَ آمَنُوا رَبَّنَا إِنَّكَ رَءُوفٌ رَحِيمٌ .

◆ رَبَّنَا تَقَبَّلْ مِنَّا إِنَّكَ أَنْتَ السَّمِيعُ الْعَلِيمُ ❀ رَبَّنَا وَاجْعَلْنَا مُسْلِمِينَ لَكَ وَمِنْ ذُرِّيَّتِنَا أُمَّةً مُسْلِمَةً لَكَ وَأَرِنَا مَنَاسِكَنَا وَتُبْ عَلَيْنَا إِنَّكَ أَنْتَ التَّوَّابُ الرَّحِيمُ .

◆ رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ وَالْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ . ❀❀❀